

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Dina dunya atikan bakal katitén ayana istilah diajar. Ieu konsép téh luyu jeung pamadegan Syamsudin (1987:5), nu nyebutkeun yén “konsép belajar menunjukkan kepada suatu proses perubahan perilaku dan pribadi seseorang berdasarkan praktek dan pengalaman tertentu”. Pikeun ngaréalisasikeun éta konsép diperlukeun ayana kagiatan diajar ngajar. Ieu hal téh ditétélakeun deui ku Syamsudin (1987:4), yén “proses belajar mengajar diartikan sebagai suatu interaksi antara guru dan siswa dalam mencapai tujuannya”. Tina éta wangenan, bisa katitén yén lumangsungna paripolah diajar murid jeung guru henteu ngan saarah, tapi lumangsung sacara timbal balik atawa interaktif.

Komunikasi guru jeung murid miboga peran aktip dina kagiatan diajar ngajar kalawan ngagunakeun cara jeung pola mikir anu tangtu. Guru salaku *sender* (nu ngirim) méré pesen ka murid, murid salaku *receiver* (nu narima) narima jeung ngaréalisasikeun éta pesen sacara aktif. Atawa sabalikna, murid ngedalkeun kahayang atawa pamadeganana, guru méré tanggapan nu mangrupa saran, arahan, jeung naséhat sarta bimbinganana. Nepi ka éta interaksi lumangsung lancar antara guru jeung murid nu dibimbingna.

Interaksi teu bisa leupas tina prosés komunikasi. Kitu deui interaksi lumangsung dina proses diajar ngajar di lingkungan atikan formal. Pikeun nyiptakeun komunikasi nu lancar dina ngahontal tujuan atikan, boh guru boh murid pasti ngagunakeun basa pikeun alat komunikasi nu perlu dicangking jeung

dipimilik. Dina ieu hal, komunikasi guru jeung murid kudu nyangking jeung mampuh ngagunakeun basa boh sacara lisan boh tinulis.

Pentingna peranan basa pikeun alat komunikasi dina kahirupan sapopoé jeung pikeun kurikulum sakola, perlu pisan ayana kaparigelan makéna basa. Kagiatan makéna basa dina pangajaran basa Sunda ngalibetkeun opat aspék kaparigelan, nya éta: 1) Ngaregepkeun, 2) Nyarita, 3) Maca, 4) Nulis. Tujuan pangajaran basa Sunda bakal kahontal lamun kaopat aspék éta mampuh dikawasa ku murid, hususna kamampuh nyarita anu aya raket patalina jeung makéna basa.

Kamampuh nyarita téh nya éta kamampuh ngucapkeun sora-sora atawa kecap-kecap pikeun ngaékspresikeun, nepikeun gagasan jeung pikiran ka nu lian ku jalan lisan. Nyarita mibanda ajén sosial nu kacida pentingna dina kahirupan manusa boh keur budak boh déwasa. Nyarita kabagi kana rupa-rupa wangun, wangun monolog jeung dialog (paguneman). Anu kaasup kana wangun monolog téh nyaéta ngadongéng, déklamasi, nembang, ngawih, biantara, ceramah, nepikeun laporan jeung méré koméntar. Biantara nya éta nyarita dihareupeun jalma réa. Biantara mangrupa salah sahiji bagéan tina kaparigelan nyarita, anu miboga fungsi kacida pentingna di masarakat. Ampir di unggal acara atawa hiji kagiatan merlukeun biantara. Biantara salian ti merlukeun kaparigelan nyarita ogé kudu mibanda élmu pangaweruh.

Ieu hal luyu jeung nu ditétélakeun ku Dawson ngaliwatan Tarigan, yén “setiap keterampilan itu berhubungan erat pula dengan prosés-prosés berpikir yang mendasari bahasa. Bahasa seseorang mencerminkan pikirannya. Semakin terampil seseorang berbahasa, semakin cerah dan jelas pula jalan pikirannya.

Keterampilan hanya dapat diperoleh dan dikuasai dengan jalan praktek dan banyak latihan. Melatih keterampilan berbahasa berarti pula melatih keterampilan berpikir” (Dawson, 1963:27; Tarigan, 2008:1) Ku sabab kitu, biantara téh némbongkeun kamampuh mikir (*intelengensi*) nu dipiboga hiji jalma. Dumasar kana pedaran di luhur, bisa dicindekeun yén kamampuh biantara téh raket patalina jeung préstasi diajar tur kacida mangaruhanana.

Aya sababaraha urang nu nalungtik ngeunaan korélasi antara kaparigelan basa jeung préstasi siswa. Salasahijina nya éta Siti Laela, dina skripsina “*Korélasi Antara Kamampuh Ngaregepkeun Jeung Prestasi Diajar Basa Sunda Murid SMA Pasundan Purwakarta*”. Sedengkeun ieu panalungtikan leuwih nyoko kana hubunganana antara kamampuh nyarita dina biantara jeung préstasi siswa.

Lantaran éta hal, panyusun dina panalungtikanana baris nalungtik kamampuh biantara basa Sunda di SMA, pikeun néangan informasi ngeunaan kamampuh biantara, naha geus nyumponan standar atawa acan jeung kumaha pangaruhna kana préstasi diajar. Ku kituna, dumasar kasang tukang di luhur perlu ditalungtik ngeunaan “*Korélasi antara Kamampuh Biantara jeung Préstasi Diajar Basa Sunda Murid Kelas X SMA Pasundan 1 Bandung Taun Ajar 2010/2011*”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Pikeun ngalancarkeun ieu panalungtikan, masalah anu aya dina ieu panalungtikan perlu diwatesanan, sangkan teu lega teuing ambahanana jeung puguh dina pedaranana.

Watesan masalah dina ieu panalungtikan nya éta “Korelasi antara kamampuh biantara murid SMA sarta dipatalikeun jeung prestasi diajar basa Sunda”.

1.2.2 Rumusan masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sababaraha rumusan dina ieu panalungtikan, anu baris dipérélekeun dina wangun patalékan saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh biantara murid kelas X SMA Pasundan 1 Bandung?
- 2) Kumaha préstasi diajar basa Sunda murid kelas X SMA Pasundan 1 Bandung?
- 3) Kumaha korélasi antara kamampuh biantara jeung préstasi diajar basa Sunda murid kelas X SMA Pasundan 1 Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal panalungtikan dina hakékatna miboga tujuan. Saluyu jeung kasang tukang masalah anu geus diébréhkeun, ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus, di antarana nya éta:

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun nyumponan sarat tugas ahir/skripsi.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nyarita murid kelas X SMA Pasundan 1 Bandung,

- 2) préstasi diajar basa Sunda kelas X SMA Pasundan 1 Bandung, jeung
- 3) korélasi antara kamampuh biantara jeung préstasi diajar basa Sunda murid kelas X SMA Pasundan 1 Bandung.

1.4 Mangpaat panalungtikan

Panalungtikan ieu dipiharep miboga mangpaat tioritis jeung praktis, nya éta:

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Pikeun nambahan élmu pangaweruh/tiori ngeunaan kamampuh biantara murid.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) Pikeun panalungtik, minangka sarat pikeun nyumponan tugas ahir/skripsi. Salian ti éta, méré pangalaman jeung informasi *faktual* ngeunaan kondisi kamampuh biantara siswa jeung pangaruhna kana préstasi diajar.
- 2) Pikeun lembaga atawa SMA, méré gambaran ngeunaan kamampuh biantara siswa, nu bisa dijadikeun tatapakan pikeun ngabebenah jeung jadi bahan tinimbangan dina prosés diajar ngajar saterusna.

1.5 Wangenan Istilah

Sangkan leuwih jéntré kana istilah-istilah anu aya dina judul panalungtikan, ieu di handap baris ditétélakeun.

- 1) Korélasi : Salah sahiji téhnik statistik pikeun néangan patalina antara dua variabel dina hiji panalungtikan.

- 2) Kamampuh Biantara :Kaparigelan nyarita ngedalkeun omongan atawa caritaan, nu mangrupa runtuyan kecap atawa kalimah ngaliwatan sora basa ti hiji jalma ka jalma séjén.
- 3) Préstasi diajar : Niléy-niléy atawa angka-angka hasil diajar basa sunda anu aya dina rapor salila sa-semester.

1.6 Anggapan Dasar jeung Hipotésis

1.6.1 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta sagala bebeneran, tiori atawa pamadegan nu dijadikeun tatapakan dina hiji panalungtikan (Suyatna, 2002:7).

Niténan wangenan di luhur, tetéla yén anggapan dasar téh mangrupa tatapakan mikir pikeun ngaréngsékeun masalah anu baris ditalungtik.

- 1) Pangajaran biantara mangrupa bagian tina pangajaran nyarita basa Sunda anu kaunggel dina Kurikulum Satuan Tingkat Pendidikan (KTSP) taun 2006.
- 2) Kamampuh biantara nya éta salah sahiji wangun kamampuh nyarita anu mangrupa salasahiji tina opat aspék kaparigelan basa Sunda.
- 3) Kamampuh biantara mangrupa salah sahiji kompetensi dasar (KD) tina standar kompetensi (SK) aspék nyarita dina SKKD mata pelajaran Bahasa jeung Sastra Sunda anu kudu dihontal ku murid.
- 4) Préstasi diajar mangrupa kaparigelan nyata nu bisa diukur atawa dipikanyaho sanggeus milu prosés diajar ngajar, nu diwujudkeun ku angka-angka nu aya

dina rapor. Éta angka-angka téh mangrupa hasil usaha diajar dina waktu nu geus ditangtukeun.

1.6.2 Hipotésis

Dumasar kana anggapan dasar nu geus dipedar di luhur, perlu ayana hipotésis.

Nu dimaksud hipotésis nurutkeun Surakhman (1990:39), nya éta:

“Hipotesis adalah perumusan jawaban sementara terhadap suatu soal, yang dimaksudkan sebagai tuntutan sementara dalam penyelidikan untuk mencari jawaban sebenarnya”.

Nu jadi hipotésis dina ieu panalungtikan nya éta: aya korélasi atawa patalina antara kamampuh biantara jeung préstasi diajar siswa.

Hipotésis nu digunakeun téh mibanda dua kamungkinan, bisa mangrupa hipotésis kerja (H1) jeung hipotésis nol (H0). Hipotésis kasebut téh nya éta saperti ieu di handap.

H0=teu aya korélasi atawa hubungan nu signifikan antara kamampuh biantara jeung préstasi diajar;

H1=aya korélasi atawa hubungan anu signifikan antara kamampuh biantara jeung préstasi diajar basa Sunda.

1.7 Raraga Tulisan

Tahap anu pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta tahap nyusun laporan nu mangrupa skripsi. Sistematika laporan anu bakal disusun ngawengku:

- 1) bagian awal laporan, eusina anu utama ngandung katerangan ngeunaan sistematika tulisan;
- 2) bagian kadua laporan, eusina mangrupa dasar tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan;
- 3) bagian katilu laporan, eusina ngeunaan métode panalungtikan;
- 4) bagian kaopat laporan, eusina ngeunaan déskripsi jeung analisis hasil panalungtikan; jeung
- 5) bagian kalima laporan, eusina ngeunaan kacindekan jeung rékoméndasi panalungtikan.